Соколёнок

6/2019

ноябрь – декабрь

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



*ХIасан ХIабибов*

# ЦIияб соналъул кечI



Хасало гIаздакьги
ГIурччинго буго
ГIисинал нижеца
Сверун ккураб гъветI.

Ниж гIанкIалги руго,
Цурдулги руго,
Ци гьацIул хъабагун
БачIунеб буго.

Сулейман, малиги
Босун, вачIана.
Басир гьелда тIаде
Ххарун вахана.

Елкаялъул тIогьиб
ЩугIаркьелаб цIва
Щвараб бакъ кинигин,
Гвангъизабуна.

Гьелъ меседил чIорал
Рикьулел руго,
Ракьалде ЦIияб сон
РештIунеб буго.




*МухIамад Хириясулаев*

# Хасел щвана

Хасел щвана.
ГIазу бана,
Гьеб мугIрузда
ГIодоб чIана.
Дир кIудадал
БетIер гIадин,
Гьезул тIогьал
ГIазул цIуна.

Доле магъилълъ
ТIолго ссанал,
Саву ккарал
Кьунсрул гIадин.
Гьел кьунсрузукь
Иццал–берал,
Бакъуда гъоркь
Нур ссун гIадин.

Иццал – берал,
Иццал – берал,
Гьезул канлъи
Дагьлъун гуро, –
Квачалдаса
ЦIунизейин
ЦIороберал
Гьез ран ругел.

Хасел щвана,
Квач цIикIкIана,
ЦIорода гъоркь
Лъар кьижана.
Хераб мугIрул
Адаб гьабун
Гьалагаб гIор
ГIодоцана.

# ГӀазул хӀули

ГӀазул хӀули хӀеренго
Гьаваялда сверана.
Свакараб гӀадин бачӀун,
Дир хъатиниб рештӀана.

Дица хъат данде къана,
Рокъоб яцалъе кьелин.
Цингиги векерана
Рагъидаса лъелъухъе.

Яц йохизе гьайизе
Гьаб нухалдаги кӀвечӀо.
Дир хъатиниб лъалкӀги тун,
Лъутун батана хӀули.



*МухIамад Шамхалов*

# ЛъикIлъи ганглъараб букIуна

Гъедин абула дир кIодоца. Цойги абула гьелъ: «ЛъикIлъи рикIкIаде боржуна. Гьелъул куркьби гIедерал рукIуна» – ян.

КIодол рагIаби цIакъ рокьула дир гьудул Рашидие. Жиндие щиб бугониги хIажат бугони, гьел рагIаби реххула гьес бачIинахъе. «Дуе кIиго торгIо щибизе? Цояб дие кьеха. – ЛъикIлъи кидаго гвангъараб букIуна», – ян абула гьес.

Гьел рагIаби машгьурлъана нижер школалдаги, жеги газеталдацин хъван рукIана.

Цо базаркъоялъ векерун вачIунев вуго Рашид. Гьес дида цере ккуна киналалиго хъахIилал кагътал.

– Рихьулярищ дуда? Циркалде белтал руго гьал, – ан абуна гьес. – Хехлъи гьабе!

Дун цIакъ воххана. Жеги гьудуласе баркала кьезецин рекIеда ватичIо. ЦIияб гордеги ретIун, къватIиве вахъана.

Къо букIана багIарараб. КъватIахъ гIадамал къанагIат гурони рукIинчIо. Котровасул къватIчIван уней йигоан ригь арай, дир кIодода релълъарай гIаданги, ворхатав, нилъалтIа багIарсияб мегеж бугев чиги.

Гьезухъ ругоан чемоданалги пихъмичIалъул цIурал тургьбиги.

ЧIужугIаданалъ нижеда гьикъана:

– Лъимал! Гьанисан



маххул нухлул вокзалалде кколищ? – ан.

– Кколаро, кколаро, – ян абуна Рашидица. – Нижер гIицIго цохIо вокзал буго. Гьебги доба гъоркь ралъдал рагIалда буго. Гьанисан кIудияб базаралде уна.

– Бихьулищ дуда, лъалеб букIун бугеб куц, – ан абуна гьелъ, рази гьечIого бихьинчиясухъги ялагьун. – АнцIго нухалъ абуна дица нилълъ мекъи кколел ратилилан.

Бихьинчи вуцIцIун чIана. Нижеда бичIчIана гьел гьалбал рукIин. Гьел рахIатхун лъугьана.

– ЛъикIлъи гвангъараб букIуна, – ян щурана Рашидица. – РачIа, гьалбадерие кумек гьабилин.

– Циркалде кватIиларищ? – ан абуна дица.

– КватIиларел ратила. КватIани, кIиабилеб сеансалде инаха, – ян абуна гьес таваккалго.

– РачIаха, – ян абуна дица гьирага гьечIого.

Ниж гьалбадерида хадур рекерана.

– Нижеца бихьизабила нужеда вокзалалде нух, – ан абуна Рашидица. – Рилълъа нижеда хадур.

Рашидица чIужугIаданалъухъа таргьа босана. Дица магжиласухъа босана.

В.И.Ленинил майданалде щвараб мехалъ, вокзалалде щварай гIадин, йоххана чIужугIадан.

– Гьанже нижедаго лъала вокзалалде нух. Баркала, лъимал. Гьанже нужерго ишалъ а.

– Нужеда лъалареб, цIакъ гIагараб нух буго. Гьенисан ина нилълъ, – ан абуна Рашидица.

Майданалда нахъа бугеб болъодаса гIодоре ана ниж. Гьале вокзал. Гьале вагон.

Нужеда бихьизе лъикIан гьалбадерил разилъи! Нижги рази рукIана. Чан баркала нижее щвараб.

Гьеб къоялдаса нахъе чанги хьвадана ниж гьалбал гIемер рачIунеб «Кавказ» гостиницаялда цересан. Амма я нух къосарал, яги нижер кумекалде хIажатал гIадамал тIокIалъ дандчIвачIо.

Ана заман. Нижеда кIочон тана гьалбал тIоритIараб куц. Дагъабищ нилъеца гIадамазе лъикIлъи гьабулеб? Биччанте гьеб гвангъун букIине ва рикIкIаде боржине. Гьедин букIине кколелъулха.

Араб соналда дунги Рашидги рештIана пионеразул лагерь – «Артекалда». Кинаб хIикматаб бакI гьеб бугебали бицун рагIалде бахъинаро. Нижее бищунго бокьулаан батIибатIиял машгьурал гIадамазулгун дандчIваял. Нижехъе рачIунаан космонавтал, Совет Союзалъул бахIарзал, гIемерал орденал рарал гIадамал, хъвадарухъаби. КигIан гIажаибал харбалха гьез нижее рицунел рукIарал!

Цокъоялъ нижехъе ячIана ригь арай гIадан. Гьелъул каранда рукIаралщинал орденал ва медалал! Дие бокьун букIана гьел рикIкIине. Кинго кIвечIо. Цин анцIила лъабго гIола, цинги анцIила щугоялде бахуна. Жеги цIикIкIун рукIун ратизеги бегьула. Гьелъ бицунеб букIана лъикIлъиялъул, ракI бацIцIалъиялъул, гIаданлъиялъул, инсанасул берцинлъиялъул.

– КIиго соналъ цере дунги дир росги щвана Дагъистаналде, – ян абуна чIужугIаданалъ. Щвана «Чайка» санаториялде, ЧIикIаб ралъдахъе... Каспиралъдалъ чвердана. Бугеб берцинаб бакъулаб Дагъистан!

Рашидги дунги космосалде роржине изну щваралгIан рохана. Лъиеха бокьилареб жиндир ВатIаналъул хIакъалъулъ лъикIаб рагIи рагIизе. Дие бокьун букIана: «Ниж Дагъистаналдаса ругилан» ахIтIезе. Рашид разилъичIо.

– Жибго Дагъистанго гIадал гьайбатал, гIаданлъи бугел ва гьалбал хириял руго гьенир гIадамалги, – ян абуна чIужугIаданалъ. – Дида

ракIалда буго МахIачхъалаялда цо-кIиго берал чIегIерал васазулгун ккараб дандчIвай. Гьел лъимал дандчIвачIелани ва гьез кумек гьабичIебани, ниж шкал гьечIого поездалде кватIилаан. Квешезего гIадин, дандчIвачIо такси. Вокзал рикIкIад гьечIилан чIана рос. Рилълъана лъелго. РакIго букIинчIого гьикъана данде ккарал васазда. «Вокзалалде гьенисан унаро» – ян абуна васаз. Къокъиднухалъ рачун, нижер къайи баччизе кумекги гьабун, ниж щвезаруна вокзалалде, нижерго вагоналда жанире. Гьенире щун лъабго минуталдасан багъарана поезд.

Рашид дихъ валагьана, дун гьесухъ валагьана.

– Кин нилълъеда дой лъачIей?! – ин абуна Рашидица, чIахIа гьарун бералгун. – Нилълъеда аскIой гурищ дой яхъунчIун йикIарай. ГIабдалзаби руго нилълъ.

– Доб къоялъ орденал рукIинчIелъул долъул каранда, – ян абуна дица. – Бихьуларищ, ретIелги батIияб буго.

Гьеб мехалъ чIужугIаданалъ абуна:

– Нужеда ракIалде ккезе бегьула гьел гIурал, чIахIиял лъимал рукIун ратилилан. Дица гьикъичIо гьезда. Амма дида ракIалде ккола тIоцебесеб классалда цIалулел лъимал рукIун ратилин гьелилан.

Рашидица цин квер борхана. Цинги тириго тIаде вахъана:

– ТIоцебесеб классалда гуро... КIиабилеб классалда цIалулел рукIана ниж, – ан гьабуна гьес, багIарлъунги вахъун.

Киналго ниж ругеб рахъалдехун руссана...

КIодол берал дагьалги цIакъ кунчIун ва разилъун рачIана.

Унгоха, ниж чIухIунги рохунги рукIараб куц!

Бихьулищ, лъикIлъи рикIкIаде боржунеб куц!



*КъурбанмухIамад МухIамадов*

# Дир гьитIинав васасе – МахсутIие

Чанги рохалил къоял
Къисматалъ кьуна дие,
Мун гьавураб цо къоги
Цояб букIана гьезул.

Доб къоялъ гьудулзабаз
Гьарана гIемер лъикIлъи,
ГIедал гьав дур васасул
Вахъайгийин бахIарчи.

Гьарана, иман бугев,
Адаб цIунизе лъалев,
Эбел-эмен разияв,
Лъугьайгийин нужер вас...

Ана долдаса сонал,
Дун дудаса чIухIула,
РагIичIин дур хIакъалъулъ
ХIалихьатаб цо рагIи.

Амма дир ургъелазе
Ахирго бихьуларо,
Дуда цебе халатаб
ГIумрудул сухъмахъ букIун.

Чанги рохелгун талихI
ДандчIвала дуда жеги,
Чанги рокьигун къуват
Къеркьела гьеб дур ракIгун.

Гьалагаб гIор кинигин,
Хъудулеб гIумруялда
ГIемерал пашманлъаби
Щвела духъе, салам кьун.

Рохелаз мун гуккани,
Гогьдарани, чIухIани,
Абила тIолго халкъалъ
ТIадагьав чи вугин мун.





Балагь ккедал къуркьани,
Къо ккедал нахъе къани,
Дуде мугъ рехун чIела
ЧIухIарал нилъер мугIрул.

Къварилъи, пашманлъигун
КъвакIун дандчIвазе кIвани,
ВорчIана мун гIумрудулъ
ГIаданлъиялъул нухде.

ГIумрудул сухъмахъазда
Нахъа лъикIаб лъалкI тани,
Дур рахъалъ лъикIаб хабар
Халкъалъ гIемер бицина.

КIудияб гьари буго,
ГьитIинав вас, дир дуде:
Воре, квешлъи гьабуге
Гьаб ракьалда чиясе.

Цо такъсир гьабизегIан
ГIакъуба баччун хьваде,
Инжитлъи хIехьезегIан
КьогIаб хвел тIаса бище.

ХIинкъараб къаркъалагун
Рокъове мун вуссунге,
СихIирлъи-гьересигун
Боснове мун лъугьунге.

Мунго гIакъилав вугин
ГIадан гIабдаллъун тоге,
Барахщигун къарумлъи
Къавулъе къазе тоге.

ЗагIипав вугин абун
Инсан инжит гьавуге,
Мискинасдаса къун чIа,
Къуватазулъ ханлъун чIа.

Херазул адаб ккурав
Аллагьасул лагъ вукIа,
Исламалъул нухдасан
ТаричIого цеве а.

*МухIамад ПатахIов*

# Щайха дун нужго гIадав гIадатияв чи вугев?



Ункъо гьудул вукIарав
Къедцояб мадугьалихъ,
Вацлъи рагIизабурал,
ГIумру цадахъ тIамурал:

Цо беццав, цояв гIинкъав,
Цинги цогияв рекъав,
Ункъабилев – абухъе,
Ункъо бокIон битIарав.

БетIергьанас рекъараб
Рикъзи-мал кьун хьихьарал,
Росдал жамагIаталда
Жидерго бакI батарал.

Роол завал хисизе
Хаслихълъидул гIуж щварал,
Харбида рукIарал гьал
Гьаб-добалъул бицунел.

Беццас абурабила,
Цогияб жо лъаларин,
Канлъи бихьилебани,
Жив хан вукIинаанин.

ГIинкъавги лъугьанила,
РагIи рагIулебани,
Ракьалъул кверщелцояв
Цо жив вукIинаанин.

Рекъавги чIаравила
Рилълъин гIедерабани,
Халкъалъе цевехъанлъи
Жинца гьабилаанин.

Гьезул харбие ахир
Ахирисес лъунила,
Суалалъ жаваб ккураб,
Жавабалъ суал ккураб;

– Дир беразулълъ гIадаб цIа
ЩIудулцин батиларо,
ДунгIан гIинда цIодораб
ГIанкIгицин букIинаро.

Рилълъин диргIан гIеденаб
БацIиецин щвеларо,
Щайха дун нужго гIадав
ГIадатияв чи вугев?!



*ГІаишат Малачиева*

# Хасалихъльидул сурат

Магlардаса гlиял руссунел руго,
МугІрул тІегь кванарал, тІогьал тирарал, –
КьагІилъун аразул хухал лъугьарал,
Хухал рукІаразул лемагал гІурал.

Гьале рехъен гІодой хъетулеб буго
ГІазул тастар барал мугІрулги реххун,
Хасел рикІкІад гьечІеб бичІчІизабулеб
Хассаб роцІцІен буго хасалихъльидул.

ХъахІиллъи камилал магІарул зобал,
ХъахІнакІкІаз хис-хисун суратал хъвалел,
ТІиналдаса тІокІкІун раккулел иццал –
Зобал ралагьулел гІарцул матІаби.

Байрамалде сверун гьайбатал рохьал
БагІарал, тІогьилал тІанхил гурдазулъ.
ТІаде гьоцІо тІурарал тІагІамал пихъал
Нахъе раччейилан рарщарал ахал.

Ххарил гІархъалги ран, рукъзалги къачІан
Хасалил мучІдузда гІухьбузда дандчІвай,
Хасел бачІаниги гьечІеб хІинкъийин,
Хинал къавабазда сасунеб илхъи.

# Ккуралъубго росу хIебтIараб махщел





ГIараб хIурупалгIан
ХIайранаб хатIалъ
ТIилитIа кварал
КвералгIаги лъил?!
Къуръанул накъищгIан
ЦIакъаб расеналъ
КъалантIар басарав
УстаргIаги щив?!

КвартIил кIутIиялъул
Бакъан лъалареб
Батулебдай росулъ
Устар гъечIеб рукъ,
Лъимадул бералъцин
Ишан босичIеб
Бугодай гъаб гъунар
БергъинчIеб хъизам!



Дида лъачIеб махщел,
ЩвечIеб устарлъи
ГъадигIан рекIелъе
Киндай лъугъуна,
Умумузул гъулбас,
Гъезул балъголъи
Лъазе бокьиялъдай
Рокьи бергъуна?!





Апараглъиялде
Ине ккечIого,
Ккуралъубго росу
ХIебтIараб махщел!
Чадий хадухъизе
Халкъ тIамичIого,
Хурул иш тIубараб
ТIадегIанаб ирс!

Ансадерил кверзул
Камиллъи босун,
Гъал дир кочIол мухъал
КъачIазе анищ!
Гъезул сабуралъул
Балъголъиги лъан
Росдал къиса хъвазе
Рес дие анищ!



# Хасалил макъу

«Дица дуй, цIурмал гIадал,
ЦIункIулукIал гьаруна,
ЦIорол «лажбарги» бахун,
Нухал цIвакизаруна.

Мун гIадал гIисинлъимал
ГIазудада гьавулел,
ГIазугаралги рукъун,
Рахчарилел, рехтIелел.

ЦохIо мунищха хIинкъуч,
ХIалаке азбаралде.
Цинги мунищха кIвахIал,
Яхъа, же лъималахъе.

Их тIаде гIунтIун хадуб
Дуе гIазу щоларо,
Гонгазул хрусталал
Дур берда рихьуларо». –

Гьединаб хабар буго
Хасалица щурулеб,
Щакаб макьил гIужалда
ГIоочихъеги бачIун.

ГIооч, даруги гьекъон,
Рокъой бусада йиго,
Щекъерги катница къан,
Къаси кьижун ккун йиго.

Гьай жийго унтун хадуй,
Хаселгун барщун йиго,
Квачалда божиларин,
Жанийго чIарай йиго.

ЦIункIулукIал кванайдал
Керенги хIалцан буго,
ХIацIуго кьогI гьабулеб
Даруги рихун буго.

ЦIертIа гIемер хъещтIеялъ
Хьиталги рихъун руго,
Яслиялде ретIунеб
Пальтоги чоргун буго.

Гьай, кьижун йикIаниги,
Кьварун кIалъалей йиго,
Гогьал харбал рицунеб
Хаселгун дагIба буго:

«ЯчIинаро рагьдухъе,
Яхъинаро къватIие.
Кьер-кьерал къалмал росун,
Роол сурат бахъила.

ГIазул хIай бакьангуро,
Кьоге мороженое.
Дие рии бокьила,
Кьер-кьераб пихъ бижулеб».

*Муса МухIамадов*

# ОГЬ, ДИР ККАРАБ ГЪАЛАТI

ЦIикIкIарал чагIаца гIаданлъиялъул бицунеб рагIарабго, ракIалде бачIуна цонухалъ ккараб жо. Гьеб ккана хаслихъе, гъутIбуздаса тIамах гъунеб заманалда. Киноялдаса вачIунев дун автобусалда жаниве кIанцIана. БакъанигIужалъ кидаго кьабун цIун букIуна нижер автобус. Цере ккаразе гурони гIодор чIезе бакI щоларо. Гьебнухалъ дун цо кIодода аскIов гIодов кIусана ва гордухъан къватIивеги валагьун, цо сундеялилго машгъуллъун вугев гIадин, гIенеккун чIана. Гьедин вугеб мехалъ рахъунчIарал чIахIияздаса нич бахчизеги бигьа букIуна. Гурого, довехун вуссани, эхетун йихьула дирго эбел гIадай гIадан, кодоб базаралъул сумкаги ккун. АскIовго, къвалакь сумкагун ригьалдаса арав хъулухчи... Гьел дихъ ралагьун чIола: «Гьая, гьитIинав вац, тIаде вахъая, дунги хIохьбахъизе виччай» — илан абулеб бугилан ккола. Гьелдаса хадувги гIодов кIусун чIезе рекъон букIунаро. Гьедин, къватIивехун валагьун яги тIехь цIалулеб ххвел гьабун чIани лъикI буго. Дида рагIулаан аскIоб кIодол гъулгъуди: «ГIаданлъи гьечIо гьанже гьал гIисинлъималазул, чIахIиялги рахъунчIун, гIодочIун рукIуна гьал» — илан.

Гьедин гIодочIун вукIана дун. Дир гъажилда аскIой эхетун йикIана багIараб расалъул ясги. Гьелъ гIунтIараб тIилги тункун, дун гьелдехун вуссараб мехалъ йихьана гьей. «ТIасалъугьа» — янги абун гьелъ, щаяли лъаларо, кIутIбиги хIанчIун, бетIер кIибикIана.

Цо къоялъ рокъове щвараб мехалъ эбелалда аскIой хабар-кIалалда йигоан автобусалда жаний дир хьолбохъ эхетун йикIарай яс.

— Гьалеха, дир вас ГIусман, нилъерго Хадижат хвалдаса хвасар гьаюрай Нажабат, — ин абуна эбелалъ дида.

«ВахI, гьайищха дой Нажабат?» — ан ккана дида. Гьанже гурони дида гьелъул катаналъ бухьараб унтараб махIу бихьичIо. Берцинал, хIеренал бераз дихъги ялагьун, гьимана гьей. ГьебсагIаталда къватIиве тIурана дун...

Дида цебечIана бухIараб риидалил къо. ГьитIинай яцги кьижун тун, ралъдахъе ана дун. Гьенир салуда тIад регун ругоан дир гьудулзаби. Гьезда аскIоб дида кинабго жо кIочон тана. Цо заманалдасан гIадамазул бахъараб чIиргъи-хъуялъ хIинкъизавуна дун. Векерана рокъове. Эбелалъ кодойги ккун йосун унеи йихьана Хадижат. Гьелда сверун ракIарун гIадамалги руго. «Баркала буго гIолохъанай чIужугIаданалъе, гьелъ нахъе хъамичIейани, чIинтIун рехулаан машинаялъ яс» — ин абулеб букIана гьез. «Цощинаб гъолъул махIуялъе жагъаллъи кканадай?» — илан абулеб букIана эбелалъ, магIидаса бералги рацIцIунаго...

Макьидаса йорчIарай Хадижат къватIие яхъун йиго. Къваридаб къотIное гьей щвараб мехалъ, све-

рудасан баккун бачIун буго машина. БитIун машинаялъул бурдузда гъорКЬа яхъанила Нажабатица ясилан, бицана гIадамаз. Машинаги тункун гIодой ккун йиго гьей жийгоги. МахIу ччукIун буго. Хадижатие зарал ккун гьечIо.

Нажабатил хIакъалъулъ бицен камичIо гьелдаса нахъе нижер рокъоб. Гьелъул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ газеталда макъалагицин бахъун букIана. Къоккани, гьелъ гIадин, дицаги гьабилин гьунарин гьедулаан дун ва гьей йихьизе анищ букIана дир. КIиго анкьги больницаялда бан, Нажабат къватIие йиччаралдаса нахъе эбелалъ чанцIулго абуна гьей гьоболлъухъ ахIизе йигилан.

Гьале, гьелдаса нахъе щив цIикIкIарав чи тIаде вачIаниги, автобусалда букIа, ахикь – скамейкаялда букIа – кивго дун партIан тIаде вахъуна.



*ГІабдулмажид Хачалов*

# БуртІги, хІелекоги, цоги далги

Лъабго гьудул букІана
ГьитІинав ГІалибегил,
Гьев къватІив тІовитІулел,
ТІадвуссуда дандчІвалел.

Расандун свакаларел,
Цоцадаса тІоларел,
ТІасан хІинчІ парханиги,
Хичун данде роргулел.

Тахта гІадин кІургІараб
ГІундул халатаб таращ,
ХъахІаб хІули – катитІинчІ,
КвачІида чІолеб бурутІ.

Киназулго букІана
Жинди-жиндирго бусен,
БакІида чІола бурутІ,
ТІенкалда – кету, таращ.

Расандизе рахъунеб
Хасаб цо цІараб заман,
ЦІумур кьабураб гІадин,
Кьижулеб, рахъунеб гІуж.

БуртІица ххер кванала,
Катица рахь чІикІула,
ГІундул халатаб таращ
ЩекІ-рокьоде бортула.

«Гьанисан тІутІ боржунге,
ТІаде гІадан вачІунге,
ГІисинал састун рукІа,
Радио гаргадуге...»

РакІалдаго гьечІого
Цо пуланаб къоялда
Къирараб кавудухъе
ХъахІаб хІелеко щвана.

Хадуб цІан гІанкІуязул
КІудияб цо рахасгун,
РагъирагІалде бахун,
ГІи-гІи-гІи-ян ахІдана.

ХІинкъана гьудулзаби:
«Гьал жанаваралго щал,
ГьечІев рокъов ГІалибег,
КъачІого ругел нуцІби!»

БуртІица лълъар хьвагІана,
ГІодор бохдул кьабуна,
Тарщица рачІчІ гурана,
Гажал рихьизаруна.

Жибги цІукІа гурилан
Кроваталда гъоркьан,
Катица мугъ хичана,
Мяв-мявилан ахІана.

ХІелеко «кІигъ-кІвагъилан»
КІалъана гІанкІуязда:
«Гьаниб нилъей жо гьечІо,
Рилълъа рощногохІалтІе».

Гьеб каву бахарабго
Нахъеги гІи-гІидана:
«ГІемер щулиял ракІал
РукІун гьечІо гьазулги».



*ГIалихIажи МухIамадов*

# ГIаличиязул ГIали

*МухIамал ГIалие*



ГIали – тIинав бахIарчи,
ГIали – кIудав гьунарчи,
Дуда кIвана кIудада
КIанцIун кьурдизавизе.

ГIали – тIинав бахIарчи,
ГIали – кIудав гьунарчи,
Тухумалъул кьолболъан
Бижун бачIараб гIаркьел.

КIудав ГIалил цIар кьурав,
Нижер гьитIинав ГIали,
КIодолъи щиб нижее
Дуца кьолеб рохалил!

ГIали – хъатцIураб месед,
ГIали – къвалцIураб талихI,
ГIали – хинаб бакъул чIор,
ЧIахъун гIеги, гIумрукьуд!

Васасухъ гIащикъазе
Мун гIадинал гьареги,
Улбузе талихI-рохел
Дуца гIадин, бикьаги.

Росдал цIар борхулезулълъ
ЦIар рехсайги дур, ГIали.
ЦIар рагIарал васазул
Кьерда щваги дуе бакI!

# Берзул нур

Васасе



ГIадамазе вокьулев,
ГIагаразе хирияв,
Гъудулзаби гIемерав
Вас вуго КъебедхIажи.

ХIилла-рекIкI рекIелъ гьечIев,
ЦIалулълъ пагьму бергьарав,
ЧIахIиязул ракI лъурав,
Вас вуго КъебедхIажи.

Берцинал ясал ругел
Улбуз гIужий восарав,
Киназулго хьул лъурав,
Вас вуго КъебедхIажи.

Къаси анкьго сон барав,
Балугълъуде вахунев,
Борхатаб лагаялъул
Вас вуго КъебедхIажи.

Мун вукIиналъ гвангъараб
Бакъалда ниж хинлъула,
Эбел-инсул берзул нур,
Баркула, гьавураб къо!

# Баркула ЦIияб сон

ВацгIал ГIалиасхIабие

Баркула вацгIаласда,
Рокъосеб агьлуялда,
ЦIияб къо, цIияб анищ,
ЦIияб сон, тIаде щвараб!

ХIалалаб гуреб рикъзи
Рокъобе буссунарев,
Рокъор гьалбал камураб
Къо-сордо букIунарев.

Къуръанул аятазе
РакIги мацIги мукIурав,
Зикру бачунеб гьаракь
Киназего гьуинав.

КIиябгоги квералъухъ
КIикъого махщел бугев,
Бицунебгин гьабулеб
Сабруялъулъ буцарав.

Магжил рас чарлъаниги,
ГIолохъанлъи биличIев,
ГIагараб росулъе нух
КъосинчIев, кIочон течIев.

Дур сахлъи щулалъаги,
Щибаб къо берцинлъаги,
ЦIилъараб соналъ рекIел
Анищал чIчIалде щваги.

Сапаралги нухалги,
Нахъа тараб гIумруги
ГIазизав БетIергьанас
ГIибадатлъун гьареги!..



*Зиядин Даганов*

# БАХIАРЧИЯВ ЗУРАБ

I.

Микьго сон барав Зурабица гIумру гьабулеб букIана шагьаралъул гIемертIалаязул рокъоб. АскIобго букIана хьолбохъан машинабиги троллейбусалги хьвадулеб ахги.

Зураб квегIисев вукIаниги кваранаалъ хъвадаризе ругьунлъулев вукIунаан. ГIурус мацIалъе гIемерго лъикIав вукIинчIониги физкультураялъул къвакIараб «щуйил» къиматги щолаан гьесие. Гьелъие гьесул сихIирлъи гIолаан, рекеризе тIамигун лъимал бачIинахъего дагьалъ цереги риччан, цинги бугеб къуваталъ жигар бахъун, живго цеве ккезе гIамал гьабулаан. Гьелъие гьев инсуца, риидал ралъдахъе хьвадулелъул, салутIа черхалъе тимар гьабулаго ругьун гьавулаан. Хадур гьел лъедолаан, цинги булкагун цадахъ рахьги гьекъон гъираялда кваналаан.

Ахирги тIаде щвана гIемер мехалъ балагьунчIун рукIарал риидалил хIухьбахъиялъул заман. Зурабилги кIиго класс лъугIана. Цоял лъимал лагеразде, цогиял росулъе ана. Зурабги гьесул гьудул ТIагьирги кирениги инчIого, чIамучIго минаялъул азбаралда лъураб гIодочIелалда данделъулаан.



— Зураб! — илан ахIана инсуца, балконалдасанги ваккун. — Хехлъи гьабе, рокъове вачIа!

— ВачIине вуго, дада! — ян, гьудуласде кверги хьвагIун, гьев рокъове гIедегIана.

— АссаламгIайкум, дада! — ян ахIана гьес нуцIа рагьун бахъиналдего. — Щай ахIарав дун?

ГьитIинай яцги бусада лъун, эбелалъ гьесул кIаркьада баана.

— Гьа, гьедигIан пашманлъизе ккараб жо гьечIин, цо моцI, моцIгун бащдабгIан заман гурищ гьеб? — илан абуна гьес эбелалда.

— Щиб, эб, дада?

— Зураб, — илан, кверцIан жиндаго аскIовегIан вачана ин-

суца вас. – Рии кин тIамизе дуе бокьилаан?

– Дица жеги гьелъул пикру гьабичIоха, дада. Щиб...?

– КIудадахъе росулъе ине бокьиларищ? Дов дова гьанже живгоцохIо хутIун вуго. Дурги ракIгъун букIина, досулги чIамучIлъи бачахъила?

– Лъаларо. Доба лъикI букIунищ?

– Дуе бокьизе буго. БацIцIадаб гьава, иццул лълъим, гIурччинаб ххер! Рорхатал, берцинал мугIрул!

– Гьедин батани, дун хIадур вуго. Амма дида дова щивго лъаларо, кIудадаги дида цIакъ гьитIинаб мехалдаса вихьунго вукIинчIо. Кинав чигIагидай дов вукIарав?

– Ургъел гьабуге, Зураб, дуе доба квеш букIине гьечIо! – абун гьимана эмен. РачIа, къасиго хIадурилин, радал хехго рахъун, автостанциялде ине кколелъул.

Васасда къаси гIемераб мехалъ макьу бачIинчIо. Гьес цебечIезабулеб букIана метер къо кинаб букIинебали.

2.

Зурабида, тIолабго классгун цадахъ рохьове араб мехалъ бихьараб цIунцIрабазул гохIида релълъун бихьана автостанциялде бакIарун букIанщинаб халкъ. Кассаялде белтида хадур иргаялда чIаралги, жиндерго автобусалде гIедегIаралги, гьел нухда регIизе рачIаралги гIадамазги занкIун цIун букIана сверухълъи.

Инсуца жиндирго бакIалда гIодовги чIезавун, нухбитIиялъе кверги босун, ботIрода квер бахъана Зурабил.

– НухбитIаги, дир вас, кIудадахъги гIенекке, гьикъаразда саламги бице...

– Дида дора щалниги лъаларо...

– Лъазе гIемер мех къваригIинаро. НухI битIагIи!

Дагь-дагьккун шагьарги нахъа тун, жиндаго щибалицин лъалареб «росулъе» унеб автобусалъул сасалде машгъуллъун вукIана Зураб.

Нух гьасда цIакъго рикIкIадаблъун бихьана, амма гьасие свакваэе заман букIинчIо. ХIурул чIчIваги нахъа тун, цин эхеде бахун, нахъеги гIодобехун гирун унеб букIана автобус.

Гьесул росу районалдаго бищунго рикIкIадаб букIана. КIармалги рагъабиги ругеб росулъе щведал гьеб цодагьабго цебехун ана ва гьалдолеб хьагил гIадин хIухьел бахъараб моторгун, лъалхъана. ГIадамал цо-цоккун гIодорги рештIун, рахърахъалде рикьун ине лъугьана ва цо-цоял данде рачIун, къвал бан, цоцазда гьикъарулел рихьулаан. Гьел кIалъалел рукIана, гьасдаги бичIчIулареб, амма гьасул рахьдал мацIалда.

– ВорчIами, Зураб! – илан рохалил гьимигун жиндирго гIатIидаб хъатги биххун, пинкьаххараб квер бегьана кIудадаца гьасухъе.

– АссаламгIалайкум, кIудада! – ян автобусалъул болъодухъанги кIанцIун, гьесда хурхана Зурабги.

– ХIалчIахъад! МагIарул къагIидаялъ салам-калам гьабизе лъалеб бихьула. Цойги щиб дуда лъалеб, нилъерго къагIидаялъ?.. – илан гьикъана кIудадаца.

– Вагъизеги лъала, – абун, гIункIрукьалде щвезегIан гъежги кIичIизабун, жиндир къуват бихьизабизе гIадин, абуна васас. – Бихьулищ, кинал ччорбал дир ругелали?

– Ва-а-а, къуватав жо лъугьун вихьулагури мун! Бегьана, бегьана! – ян вохана кIудада. – Амма гьеб гурехха бищун аслияб! ЛъикIго кIудиявги гIун вихьула мун, машааллагь! Ахиралда дун нужохъе щвараб мехалъ, малъгIанав жо вукIанагури мун. Доб мехалъ, гьанжего-гьанже гаргадизе лъугьун вукIана мун.

ГIодоб гамачIги ккураб нухккун жиндирго рокъове вачана кIудадаца гьев.

– Нухда свакан ватила?

– СвакачIо, кIудада. Дир цIакъ гъира букIана автобус эхеде баханагIан гъоба гIодоб гьитIинлъун бихьулеб гIурухъ балагьизеги, къадакогIан гьитIинго гъаваялда бихьулеб цIумалда хадуб халкквезеги. Дида кколеб букIана автобус гъоркье бортиладаян. Гьеб кьурул рагIалдасан унеб мехалъ, самолеталда рекIун воржунев вугев гIадин вукIана.

– ХIинкъизе кколаро, автобус бачине досул ДагъистаналдагО ругездасаги бищун цIикIкIараб хIалбихьи батила. Дов ккола живго президентасул вукIарав шофер... Бугищ, Зураб, щибгIаги гIажаиблъизе жо? – абун гьикъана кIудадаца, басриял минабазухъ тIаса бер босичIого валагьарав васасда.

– Лъицаха, кIудада, гьал киналго рукъзал рарал?

– Росуцоязха, Зураб, росуцояз...

– Дур рукъги гьезищ бараб?

– Уха.

– Дуца гIемераб гIарацищ гьезие кьураб? – илан гьикъана Зурабица.

– Нуж – шагьаралъулаз кинабго гIарцудалъун борцуна. Ниж росулъ цо хъизан гIадин гъункун, цоцазе кумекалъе рахъуна. Дица рукъ балеб мехалъ, гвайбан кумекалъе рачIана гIадамал: цояс гамачI баччун, цояс хIарщ буцун, цогияс къед бан... Цощина лъицагIаги рукъ базе байбихьани, дунги уна кумекалъе. Цояв цIулал, цояв маххул, цогияв ратIлил устар ккола. Щивасул буго махщел. Бертин гьабулеб бугониги, киналго гъорлъ журала, чи хвани, вукъизе цадахъ уна...

– Нанагьлъун дица рукъ балеб бугони, дие гьабиладай гьез кумек? – илан гьикъана Зурабица.

– Дуца рукъ базе ккеларо. Дир кIудияб рукъ буго, киназего бакI гIела, – ян велъана кIудада.

– Жаниве лъугьая, Зураб, – илан, накъищаз къачIараб цIулал каву рагьана кIудадаца. Гьес чирахъ



бакана. ХIадурун бугоан квенги. БухIилаго бугоан чедги, хIанги, тIорахьги, кескал гьарун къотIараб гьанги, белъараб картошкаги! Берцинаб махIалъ кваназе гъира базабуна.

– Квенги дуцагойищ хIадурараб, кIудада?!

– Дур ункъгIалалъха, Зураб. Дой гIака бечIчIизе ана. ХIалтIи гIемерлъун буго гъарималъул. Мунгун дандчIвазе инеги гьелъие щвечIо.

Квана-гъанан хадув жиндагоцин лъачIого макьица бусаде цIалев вукIана Зураб.

ГIагарлъиялъул лъималгун васандун, тIагIамал росдал нигIматал кванан, расги чIалгIинчIого ана Зурабил тIоцебесеб анкь. Гьев ругьунлъана росдал гIумруялдеги. КIудадаца гьесие чахъдал тIохьол тIагъурги квалалгьечIги букъана. Гьедин, араб лъачIого унеб букIана каникулазул заманги.

3.

Цо къоялъ гъав кІудадаца жиндаго цадахъ магІарде вачине къасд гъабуна. Гъенив гІиги хьихьун гьесул гьитІинав вац вукІана.

– Ражабие захІмат буго. Дов дова живгоцохІо вуго. Къаси-къаси цица чахъаби рикъизе бахъанилан бицана. Цадахъ вукІарав вехьги унтун, больницалда вегизе ун рагІула. Къасиги къадги цого чиясе захІмалъизе буго, – ян бицине лъугьана кІудада.

– Дов хІинкъуларищ, кІудада, циялги бацІалги рукІунеб бакІалда?

–Унго-унгоял бихьинал хІинкъизе бегьуларо. ХІинкъула гІицІго цІукІаби. БичІчІанищ дуда?

– БичІчІана, кІудада...

– Гьелеха, хІалчІахъад! – илан разилъана кІудада ва хулжинир патроналги лъун, гъажилда туманкІги бан, къватІиве вахъана.

– КІудада, дур туманкІги букІун бугогури! Кье дихъе...

– Гьаб расанкІо гуро, гьудул. Дуца дурго къвалалгьечІ босе. Сордо базе ккезе бегьула. Къаси квачан букІуна, – абун, гьес цебеккунго кьолон букІараб хІамаги цебе къотІана.

– Зураб, мун хІамида рекІунищ вилълъинев яги лъелгойищ?

– Лъелго вилълъина.

СагІатгун бащдабниги бана гьез нухда. Нухтеялъе бицана хабарги. Бихьизабуна рокъове нахъвуссине ккани, нух къосунгутІиялъе цІвабзазухъ балагьун ине кколеб рахъги.

– Кин гьеб ракІалде чІолеб, кІуди?..

– Бихьулищ нухда бегараб гамачІ, гьелда гъоркьан баккараб гІолохъанаб гъветІ? Яги, гьадаб пилалъул бетІералда релълъараб мегІералъухъ халгьабе. Ялъуни, гІор кьурулълъ речІчІулеб бакІалде тІаде балагьун бугеб рузил бусен? Гьеб кинабго ракІалда чІезабуни, киданиги мун нухкъосун ккезе гьечІо.



Гьел киналго гІаламаталги ракІалда чІезарулаго вачІунев Зурабида гьвел хІапи рагІизе лъугьана.

– Гьалеха, щвана нилълъ, – илан абуна кІудадаца, гІалхул ганчІица бараб хъощ гІадаб, гІаркьелмичилги лъун, тІаде ракьги бараб тІохги бугеб рукъалде гІагарлъулаго.

– Ва-а-а-а! ЛъикІго кІудияв гІун вихьулагури ав, – илан кІудададехун къинкІана Ражаб-дацица, гьазда данде вахъунаго. – Лъади ячине мех щун бугин ккола. Бертадуе гІурал гІиялъажал дицаги кьела, гІицІго бахІарай ялагьизе хутІанаха! – ян абуна гьес велъулаго. – Рилълъа, – жанире! Нуж рачІиналде квенги хІадурун бугин дица.

Хъощниб, гІорода бан, гьалулеб бугеб хъазанги, гьелдасан бахъун унеб хІухьелги, гьелъул берцинаб махІги тІибитІун бугоан, цадахъ-

го гьеб хIухьелгун жубан кIкIуйги мокьрухъан тараб картIихъан къватIибе кIкIуржунеб бугоан. Гьел гIодор чIана ганчIазда хъарщалги лъун гьарурал гIодочIелазда. Гьезде тIаде рехун буртинабиги ругоан. Ражаб-дацица гъудрузухъе чурпаги тIун гьезда цебе хъурщана.

– Бицея, щиб дур гьаниб ккарабали. Цица рахIатбахъизабулеб бугилан рагIанин дида.

– Уха, ле. Къаси бачIун, ахIдон, рахIат биччалеб гьечIо. Цинги гьаби хIапдола, рехъен бихха-хочула, макьу биччаларо.

– Дуца щибха гьабураб?

– Щиб гьабилеб, цо-кIиго нухалъ гьаваялде кьвагьана. ХIинкъун, лъутун ун букIана. Нахъеги бачIун, чахъуги хъамун ана.

– Долда щоледухъ речIчIизе кколеб букIана, – ян абуна кIудадаца.

– РечIчIилаан, долъие гIураб гулла-хер дихъ букIинчIо. Лъукъун хутIани, цIунаги гьелдаса. Ццидаххуна, къисас босула...

Жив кватIиларин, гIинтIиги даруял ххурдулги ракIаризейилан ана кIудада.

– КIудада, ци батани, щибилеб? Мун хIинкъиларищ гьелдаса. ТIад речIчIани щибилеб? – ян гьикъана Зурабица.

– РичIчI баккуге, Зураб. ТIад речIчIилила...

– ТуманкIгIаги босе, кIудада!

– Мун щай хIинкъа-виххулев, дун гьаниса рикIкIаде унев гьечIо. Бихьинчи гIадин чIайилан гурищ дица дуда малълъун букIараб.

## 4.

Лъаледухъ бецIлъи реххана. РелъедакунчIал цIирцIидизе байбихьана. Иццухъ гъуд-гIучI чурулев вукIарав Зурабида, аскIорго гIадин гьаби хIапдолел рагIана. ГьебсагIатго кIудадал рахIатхвараб гьаракьги чIвалеб букIана.

– Ражаб! Хехлъи гьабе! – йилан, зодихъе квералги рорхун, ахIулеб букIана гьес. Гьесдаса лъабго метрагIан манзилалъ гурони рикIкIад гьечIого, магIарзукъалахъан хIухьелги къватIибе буризабулаго цо кIудияб жанаварги бихьана васасда. Гьеб бугоан сурмияб кьералъул расулги цIураб, гIебал хъатазда чIахIиял малъалги ругел ци. Гьелъ кIудада сверун лъугьун сунтIулев вукIана. ГьебсагIат кIицIул тункIил кьвагьи бахъана. Гьелъул чехьги квачIги лъукъана. ГIалхулал гьаркьалги гьарун, гьеб квешго ццидаххана. АскIовегIан щолев Ражаб-дацил тункIил нахъеги кьвагьи бахъана. Рехун унаго, кIудадаги цадахъго хапун жиндаго гъоркье ккезавуна гьелъ.

– Гъази...! ГъазимухIамад! – илан гьаркьал рорчIана Ражаб-дацил. Гьес хIалица гиризабуна жиндирго вацасдаса, бидул цIураб цидул къаркъала. – ГъазимухIамад, мун лъукъунищ вугев? – илан, дагьаб гьаракьги сасинабун гьикъана Ражаб-дацица, гьесул гъажалдаги кIутIулаго.

– У-у-у! Нахъе гьабе гьеб малгIун, – илан зигардулев вукIана гьев, жеги цидул къаркъалалда гъоркьго ругел махIабиги нахъе рахъизе къеркьолаго.

Ражабида бихьана гьесул бихъбихъараб гурдида гъоркьан бида чвахххдолеб бугеб ругъун. ТIаса бахъун, гурдица гъажилбетIерги бухьун, гьес Зураб аскIове ахIана. Гьев вихххунккун, кIалъазе бачIунарого хутIун вукIана. Гьабзазул хIапиги гьоркьоса къотIулеб букIинчIо. Нахъе-нахъеги гьес ахIи тIамидал, лъавуде вачIарав гIадин, гьезда аскIове векерана Зураб.

– Гьаниве гуро, рокъове гIедегIе! Фонарьги, аптечкаялда жаниса спиртги катангигIаги босе. ГIедегIил



гъабе! – ян вагъун гIадин ахIулеб букIана Ражабица.

Соролел квераз хъощниса кина-щинабгоги бакIарун, Зураб кIитIеледухъ тIадвуссун векерана.

Ражабица спирталъги биччизабун бинталъ ругъунги бухьун, гьев рокъове вачине, тIаде ворхизавуна. Гьесул бохги, кIиго хьолбогIучIги бекун букIун буго.

– Мун росулъе гIедегIизе ккола, Зураб. КIудадал лъикIаб хIал гьечIо. Ругънадаса би къатIуларого буго... Вертолет битIизе райцентралде лъазабейилан абе...

– Кивениги инаро гьев. ГьитIинго вуго. Къаси мугIрузда киве ккелавали лъаларо... – ян макьилъ гIадин кIалъалев вукIана кIудада.

– Дуца малълъараб нух дида ракIалда буго, кIудад... Дихъ фонарьги буго. Дун хIинкъиларо! – ян кедазул чIалалги рухьунаго хъощниса къватIиве векерана Зураб.

– Сухъмахъалдаса кьуруге, гьелъ битIахъе росулъе вачуна. Нух битIаги, вореха цIодорго а, Зураб! – илан ахIана дацица.

5.

Росулъе унеб нух гьесие расги бигьалъичIо. НахъвалагьичIого векерулев вугев гьесда ракIалде кколеб букIана, хадубго циги бачIунеб батилилан.

– КватIизе бегьуларо... кIудада хвасар гьавизе ккола! – ян ахIулаго, бакараб фонаралъул канлъухъе бугеб рухIги бакIарун векерулев вукIана Зураб.

ХIатIикье чIимихги ккун, хъуштIун гIодов ккарав Зурабил накуги ччукIана, фонарьги цо рахъалде хьвагIун ана. Гьев гIодовги вукIун гIодана. «Дун ясищ кколев, гьадин гIодилев чIезе. Дир ссудулеб накалдасаги аслияб – дирго борч тIубазе, кIудада хвасар гьавизе ккола!» – ян абуна гьес жиндаго. ХIарщул цIурал квералги кIорокIун, хIутIараб ххарида лъулъан, зуруд магIуги бацIцIун, гьес нахъеги цеве ине къуват бакIарана.

ЦIадул кунчIи гIадал, росдал чирахъал рихьизе лъугьана. Гьев векерана школалъул стадионалда, бищунго цеве ккезе хIаракат бахъулеб мехалъ гIадин. КигIан къобихьун-

ги, тIадкъай тIубазе кколин абураб масъалаги жиндаго цебе лъун.

6.

Ражибица къвалакь варав гIадин, хIалица пажиниве щвезавуна вац. ТIаде кумек щвезегIан, жиндаго кIвараб-лъараб хIалалъ бухьа-къана гьесул унтулелщинал лугбалги.

— Бегьулароан квергIанаб лъимер, сардилъ росулъе витIизе. ГIун гьечIо дов жеги. Киналдаго тIаде, гьесул ургъелги ккана, — абун зигардулев вукIана ГъазимухIамад.

— Щибха гьабизе букIараб? БатIияб нух букIичIогури нилълъее. Дуе хехаб кумек хIажат буго! — абун, юргъан тIаса борхидал, бидул ланг кIовухъе кIодолъулеб бихьана Ражабида. ЦIулагъудалги лъун къараб бохги кIванагIан хъахIиллъулеб бугоан.

Рогьел загьирлъулеб букIана. Хъощниса къватIиве вахъарав Ражаб чIвараб жанаваралде тIаде къулулаго гьесда цо сас рагIизе лъугьана. Зодихъе валагьарав гьесда гьаваялда сверулеб вертолеталъул сипат-сурат халлъана.

— БачIунеб буго, эмехвад! — илан ахIана гьес вохараб гьаракьалдалъун ва лъукъарасухъе гIедегIана. — БачIунеб буго, тIаде щолеб буго! — ян такрар гьабуна гьес гьанжеги.

— РагIулеб буго… Зураб ккомелъуве щвараб къагIида буго. ХIалчIахъад!.. Унго-унгояв бихьинчи… — йилан, кIвезего кIоларого гьимина кIуди.

— БахIарчи! — йилан Ражабицаги тIаде жубана.

ГIиял къавуда гIагарлъухъ бугеб майданлъиялда, сверухъ бугебщинаб тIабигIатги макьидаса борчIизабун, хъудулаго гIодоб рештIана вертолет. Гьениса къватIиве тохтурги кIиго санитарги лъугьана. Хадувго векерун вачIунев вукIарав Зураб бищун цеве кIанцIана пажиниве ва гьимулаго кIудада цеве эхетана.

КIудадаца гьесул квер кIовухъе данде къана ва разияб гьимигун гьесухъ балагьун чIана…



*ГIурус мацIалдаса буссинабуна ГI.Малачиевалъ*



# Къо анибе босе, дада

Мурманскалда гIумру гьабулел Рашидги Расулги Дагъистаналде рачIана. КIодоэбелалъухъеги кIудадахъеги щвеялдаса рохахинлъун, расандулел рукIарал гьел, циндаго гордухъан къватIиреги ралагьун гIодизе лъугьана. Нуж щайин гIодулелилан гьикъидал, азбаралда чIегIерлъун щайила бугебилан дандего гьикъана гьез.



– Доба сордо бугоха, къасимех щун буго! – ян абуна кIодоэбелалъ.

– Нижер доба къасимех букIинчIо, – ян нахъеги гIодизе лъугьана лъимал. Цинги гьез эбелалда гьарана, телефоналдасан дадахъе ахIейилан. Инсуца жаваб кьолаго, телефонги кодобе босун, додинго гIодулаго Рашидица абуна:

– Дада, анибеха сордо бачIун буго. Ниж хIинкъун руго! – ян.

– Анибни гьечIебха, Рашид. Аниб лъалищ дуда, нужецаго тун букIахъе къалъ–къалъараб къо буго! – ян велъулаго абулеб букIана инсуца.



– Мунго отпускалъ вачIунеб мехалъ къо анибеги босе, дада! – ян абуна Расулицаги, Рашидихъа телефонги бахъун, дагьабго гIодиги чIезабун.

## ГIАКЪЛУДУЛ КЪАТIРАБИ

Рицунел рагIабазухъ балагьун гуреб, гьарулел ишазухъ балагьун кье чиясе къимат.

Л. Н. Толстой

Кинаб хIалтIи гьабулеб бугебали балагьун гуреб, кин гьеб гьабулеб бугебали бихьун кье чиясе къимат.

А. И. Иловайский

ХIалтIуца рохел кьола, гьеб гIадамазе хIажатаблъун бугони.

Л. Н. Толстой

ХIалтIуца чиясул чорхолъа къуват дагьлъизабуларо, дагьабги цIикIкIинабула.

А.Чернышевич

Щивав инсан хIалтIизе ккола кIвараб куцалъ, кинабго рекIел жанги жигарчилъиги гьелъие кьун. ГIицIго гьединаб захIматалъулъ батула талихIги, тIубала анищги, щола мурадалдеги.

А.П.Чехов

ЗахIмат ккола талихIалъул эмен.

Б.Франклин

## КИЦАБИ

Гьерсил хIатIал хIедул ратулила.
Кваназе лъачIони – хIалакълъулила,
ХIалтIизе лъачIони – мискинлъулила.
Гьакил юк чода лъогедила, чол юк хIамида къагедила.
РагIи гьабизе вачIарав гьудуласдаса, гьардезе вачIарав мискинчиго лъикIила.
Мунго гIемер вокьи – гьудуллъи чIвалеб загьруйила.
Гьудул бадиве валагьулила, тушман хIатIиде валагьулила.
Тушманлъиялъ кинабго биххизабулила, гьудуллъиялъ – бахъинабулила.

## ТIЕХЬ ККОЛА НИЛЪЕР ГЬУДУЛ

ГIумруялда тIатинчIеб, тIехь цIалидал батулеб.
Щиб букIаниги малълъулареб, лъай кьолареб тIехь букIунареб.
КIвар кьечIого цIаларал гIемерал тIахьаздаса, тIадчIун цIаларал дагьаз пайда кьолеб.
ТIегьалъ гIакълу цIикIкIинабулеб, амма цIалараб босизе лъалеб цIодорлъиги къваригIунеб.
ТIехь гIагар гьабичIони, гIакълуялъ рехун толел.

# Соколёнок
# Лачен

ISSN№0203 - 3682

6/2019
ноябрь – декабрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художники номера** С.Гаджиева, З.Рустамова
**Художник обложки** О.Алиев

Формат 60х84 1/8.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,27.
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 12.12.2019 г.
Тираж 1176 экз.
Заказ № 466.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.